



Fèy Enfòmasyon **Rezilta Etid Echantiyonaj Sekansyèl nan St. Croix, Zile Vyèj Etazini** **Desanm 2023**

EPA te konplete ***Etid Echantiyonaj Sekansyèl li a***. Etid la te gen ladan echantiyonaj ankèt ki te fèt nan 11 kay nan St. Croix semèn 6 novanm 2023. Yo te chwazi kay yo sou baz rezilta evènman echantiyonaj kontè distribisyon dlo ki te fèt nan mwa septanm ak oktòb la ki ka genyen gwo kantite plon, e ki itilize regilyèman dlo Otorite Dlo ak Elektrisite Zile Vyèj Etazini an (WAPA). Inivèsite Zile Vyèj yo te kolabore avèk EPA pou pwograme echantiyonaj novanm nan ak pwopriyetè kay yo epi bay yon fèy enfòmasyon pou ede kominike pwosedi echantiyonaj la. Rejyon 2 EPA te kolekte echantiyon yo nan kowòdinasyon avèk WAPA ak Depatman Planifikasyon ak Resous Natirèl (DPNR). An total, yo te pran 119 echantiyon sekansyèl nan wobinè kwizin nan 11 kay prive. Kantite echantiyon ki te kolekte nan chak kay depann de longè kanalizasyon ant wobinè a ak tiyo dlo prensipal la.

Konfòmman ak pwotokòl echantiyonaj sekansyèl la, dlo ki soti nan kay prive sa yo rete san itilize pou omwen sis èdtan anvan yo te pran premye echantiyon an. Kòmanse avèk dlo ki soti lè wobinè a te premye ouvè, yo te pran echantiyon yo nan resipyan gwosè espesifik youn apre lòt pou kaptire dlo nan seksyon espesifik nan tiyo a. De premye echantiyon yo te kaptire dlo ki chita nan plonbri nan evye a tandiske yo te pran echantiyon ki vin apre yo pou kapte dlo nan zòn tiyo a ki mennen nan tiyo dlo prensipal la. Teknik sa a ki byen etabli pèmèt EPA idantifye ki kote plon ka ap soti.

Nan 119 echantiyon ki te kolekte nan 11 kay yo, twa echantiyon te montre nivo ki pi wo nan Nivo Aksyon Plon pase 15 pati pa milya (ppb) EPA a. De nan echantiyon sa yo te soti nan premye priz la toupre wobinè a (28.8 ppb ak 18.4 ppb); twazyèm lan te soti nan dlo pi pre kontè distribisyon an (23.2 ppb). De premye rezilta priz nan dlo ki pi pre wobinè a endike plon an gen anpil chans pou soti nan plonbri lokal la nan wobinè a oswa areyatè a. Twazyèm rezilta a ki montre nivo ki depase nivo aksyon EPA a te soti nan dlo ki soti pi pre kontè distribisyon an. Sa endike plon an gen anpil chans soti nan materyèl plonbri ki nan ak nan alantou kontè distribisyon an. Kay ki gen gwo nivo plon pi pre kontè distribisyon an te gen yon tan inaktivite pou kat jou, parapò ak lòt kay yo avèk yon tan inaktivite sis èdtan, sa ki ka konte pou nivo plon nan echantiyon sa.

An jeneral, Etid Echantiyonaj Sekansyèl EPA a montre ke nivo plon nan wobinè kay yo pi ba anpil pase sa yo te jwenn nan kontè distribisyon ke WAPA te pran echantiyon nan mwa septanm ak oktòb yo, akonpaye avèk EPA, DPNR ak UVI. Nivo yo idantifye nan kontè distribisyon yo nan etid anvan sa yo toujou yon sous potansyèl plon, ansanm ak lòt konpozan sistèm distribisyon, epi WAPA te etabli yon plan pou retire konpozan plon ki gen plon nan yo, sa gen ladan kontè distribisyon yo. EPA dakò ke etap Zile Vyèj Etazini deja kòmanse pran pou ranplase eleman ki gen plon yo epi evalye ak ogmante kontwòl lawouy ta dwe diminye kantite plon ki filtre nan dlo a. Jan yo te diskite ak patnè USVI yo, EPA dakò tou ke WAPA ta dwe mete anplas yon pwogram siveyans amelyore pou Règ Plon ak Kwiv – nan ogmante kantite echantiyon ak tès chak sis mwa.

Anvan rezidan yo kòmanse konsome dlo nan sistèm distribisyon VIWAPA a ankò, EPA ap mande pou ajans regilasyon USVI yo ak VIWAPA devlope epi aplike yon plan konplè pou edike piblik la konsènan etap yo ka pran pou diminye ekspozisyon yo a plon nan dlo potab. Aplikasyon plan sa a pral ede diminye risk plon nan dlo pou bwè epi pèmèt rezidan yo rekòmanse konsomasyon dlo a si yo swiv machaswiv ki bay nan kanpay edikasyon an.

Anplis de sa, plis egzamen ak echantiyonaj dlo pou bwè ke Seven Seas pwodwi nan izin osmoz envès la ak izin pwodiksyon dlo a nan Richmond montre ke dlo a pa gen nivo plon ki enkyetan, men li pwovoke lawouy epi li ka kontribye nan filtrasyon plon ki soti nan konpozan ki nan sistèm distribisyon an, sitou lè dlo a poze nan tiyo yo pou peryòd tan ki long.

EPA planifye yon reyinyon piblik pou enfòmè piblik la. Pou dènye nouvèl ak plis enfòmasyon sou travay EPA a konsènan dlo potab Zile Vyèj Etazini yo, [vizite sit entènèt nou an](#).

-fen-